

ASIRANS PARANTAL SOU SÈVIS POU ELÈV KI MALAD LOPITAL/LAKAY

KALIFIKASYON AK SÈVIS POU ELÈV KI MALAD LOPITAL/LAKAY

Elèv ke yo jwenn ki kalifye pou sèvis pwogram moun ki lopital/lakay konsidere kòm elèv ki gen yon andikap nan Florid, selon Seksyon 1003.01, Lwa Florid la. Yon elèv ki kouche malad Lopital/Lakay (H/H) se yon elèv ke yo dyagnostike avèk yon kondisyon medikal fizik oswa sikyatrik ki egi oswa katastwofik nan nati, oswa yon maladi kwonik, oubyen yon maladi ki detanzantan ap ale vini akòz yon pwoblèm medikal pèsistan ki fòse elèv sa a rete izole lakay li oswa lopital epi ki limite aktivite li pou yon peryòd tan pwolonje. Se yon doktè lisansye (M.D. oswa D.O.) ki dwe fè dyagnostik medikal anyèl la jan sa defini nan Chapit 458 ak 459, Eitati Lwa ki pratike nan Eta Florid la.

Lekòl Piblik Collier County bay enstriksyon H/H pou elèv ki pa kapab vini lekòl regilyèman lè egzijans pou pou kalifikasyon anba lwa eta yo satisfè, epi ekip ki la pou detèmite Plan Edikasyon Endividyèl elèv la detèmine ke enstriksyon lakay la se anviwònman ki pi limite. Se ekip IEP a ki detèmine sèvis H/H la epi yo minimal lè yo konpare li avèk etid konpreyansiyif nan sal klas la.

Daprè *Manyèl Pwosedi ak Règleman Biwo Edikasyon Eksepsyonèl Sèvis Elèv nan Depatman Edikasyon Florid la (BEESS): Pwogram ak Sèvis pou elèv ki Lopital/Lakay (2008)* la, yo ta dwe wè sèvis H/H yo kòm yon entèvasyon tanporè e li pa la pou ranplase eksperyans sal klas la. Entansyon sèvis H/H la se pou bay elèv yo ase enfòmasyon kouran posib nan kou yo egzije yo sibi pou klas yo a, avèk priyorite ki santre sou bezwen sante elèv la. Elèv ki izole lakay oswa lopital souvan pa pèfòme byen akademikman menm jan yo te kapab pèfòme nan anviwònman sal klas regilye. Ekip IEP ak moun ki bay sèvis yo fè tout efò yo kapab pou bay sèvis ki apwopriye, nan konsiderasyon ak kondisyon elèv yo, pou bay elèv yo tout enfòmasyon nan sal klas yo egzije yo. Kontinuite nan pwogram akademik yo ap akonpli pa paran/responsab, manb pèsònèl lekòl domisil yo, ak manb pèsònèl H/H ki ap travay ansanm pou satisfè bezwen elèv ki pa kapab patisipe nan lekòl regilyèman akòz maladi.

RETOUNEN LEKÒL APRE LI SOTI NAN PWOGAM LOPITAL/LAKAY

Anvan li retounen lekòl, yo dwe fè yon reyinyon nan lekòl elèv la. Paran/Responsab li dwe bay administratè lekòl la yon kopi nan fòmilè Doktè a ranpli pou Otorize Elèv la Retounen Lekòl la, ki lokalize sou sit entènèt distri eskolè a, oswa yon lèt/nòt preskripsyon, avan pou yon elèv retounen nan pwogram edikasyonèl ki baze nan lekòl. Yo kapab retire yon elèv nan pwogram Lopital/Lakay pou rezon sa yo:

- Doktè kap trete li a rekòmande li pou retounen lekòl.
- Yo pa resevwa enfòmasyon medikal aktyalize ki egzije yo.
- Yon adilt responsab pa kapab prezan pandan vizit enstriktè/pwofesè yo.
- Yo rive nan dat ke rapò medikal orijinal la prevwa pou egzeyate elèv la.
- Paran/adilt elèv la pa kapab konfòme avèk akò ki Lopital/Lakay la.

ENSTRIKSYON JENERAL

1. Paran/Responsab pral bay yon andwa trankil, pwòp, byen vantile, kote yon pwofesè ak elèv kapab travay.
2. Paran/Responsab dwe asire ke yon adilt responsab toujou prezan nan peryòd enstriksyonèl la.
3. Paran/Responsab dwe asire ke elèv la prepare pou patisipe aktivman nan enstriksyon yo.
4. Paran/Responsab dwe etabli yon orè pou elèv la etidye e pou konplete devwa li ant vizite pwofesè yo ak visit pwofèsè kontak H/H la si ta genyen nenpòt kesyon sou devwa yo.
5. Paran/Responsab ta dwe pwograme randevou medikal yo pandan enstriksyon H/H elèv la. Lè H/H ki pwograme yo pap anile akòz anilasyon paran/responsab la. Yo pral repwograme rankont la si pwofesè ta va absan.
6. Paran/Responsab dwe avèti pwofesè H/H la annavans lè elèv la pap kapab patisipe nan enstriksyon yo. Elèv domisil la pa dwe genyen yon maladi kontajye oswa transmisib.
7. Paran/Responsab dwe retounen materyèl enstriksyonèl, manyèl, ak tout devwa nan lekòl la anvan elèv la retounen lekòl la. Paran/Responsab responsab pou materyèl ak manyèl ki pèdi oswa deteryore.
8. Rekèt pou aksepte anplwa e patisipasyon nan aktivite ekstra-kourikoulòm yo pral revize sou yon baz elèv endividyèl kote ekip IEP a an konsiltasyon avèk doktè ki ap trete timoun nan ki rekòmande enskripsyon an.

RÈGLEMAN SOU PATISIPASYON

Akoz kontak minimal nan lè pwogram H/H la, anwolman ak patisipasyon elèv la kritik. Yo bay kredi nan optik pou fè pwomosyon elèv la sèlman lè kontak minimal yo satisfè. Si elèv la manke yon klas akòz yon randevou medikal, se responsablite paran/responsab la pou fè doktè a bay yon nòt pou verifike ke timoun nan te nan biwo doktè li pou jou sa a epi soumèt li bay lekòl elèv la. Elèv ki enskri nan pwogram Lopital/Lakay la espere resevwa enstriksyon H/H menm lè yo genyen yon maladi minè (vant fèm, tèt fèm, grip, elatriye). Plizyè absans ki pa eskize kapab abouti nan entèvansyon pou timoun ki ap fè woul.

Mwen sètifye ke mwen pral obeyi ak règleman sou Pwogram Enstriksyon Lopital/Lakay la. Mwen te li deklarasyon ki ki wo a e mwen dakò pou ekzekite kondisyon ki dekri yo. Mwen konprann ke kondisyon sa yo nesès pou pitit mwen kalifye pou resevwa enstriksyon atravè Pwogram Lopital/Lakay la.

Non Elèv la

Siyati Paran/Responsab Legal la

Dat